


NGUVA YEKUBATANA

NECHIRATIDZO

 Manheru akanaka. Mukana wakanaka kuva pano manheru ano, ndakamira panzvimbo ino.

² Ini, mangwanani ano, ndichiuya ndichidzika nemugwagwa. . . Ndanga ndaenda kunonamata, ndakamirira panaIshe. Zvino ndichiuya ndichidzika nenzira, ndabatidza pamu—mushumiri weparedhiyo, Hama Smith, Hama yechitema, (mavanzwa here mose mangwanani ano? Mumwe wenyu?) kumusoro uko, ndinotenda kuOhio. Mumwe munhu andiudza pamusoro pake achiparidza, uye ndokuti, “Munofanira kumubatidza, saizvozvo.”

³ Zvangoitika kuti ndamunzwa, mangwanani ano. Zvino anga achinyatsotaura zvirokwasvo pamusoro pekuti chivi chatekeshera munyika nhasi, uye iye anga. . . Zvino ndati endei mberi, imwe nhepfenyuro kubva ipapo, kudzika ndokunzwa imwe. Nguva yandazosvika zasi kuno, ndanga ndagadzirira kuona kana ndisina kunonoka zvekutadza kuuya kuchechi, mangwanani ano pandapinda. Saka, tine mukana mukuru chaizvo kuva pano manheru ano, uye kushumira mubasa raShe.

⁴ Zvino ndichitaura pamusoro peHama Neville, nemharidzo rimwe zuva, kumudzimai mudiki uyu, hanzvadzi yedu ichangobva pakati pedu. Aiva, tese tinoziva kuti aiva ani, ndiHanzvadzi Weaver. Zvino kufunga pamusoro pemurume pano, ari kuzobhabhatidzwa manheru ano; mudzimai. . . Ndakamubhabhatidza mudziva rino apo ini. . . vakatoita kumuunza kuno ari muhwiricheya. Akanga ava kufa, nekenza, uye aingova neusiku ihwohwo kuti ararame; vanachiremba vakanga vatadza kumubatsira zvachose, aizofa mangwanani aitevera. Zvino ndakaenda kumba kwake ndikaedza kutaura naye pamusoro pekupodza kwaMwari, zvino iye aingoramba achidzokorodza kuti, “Handina kukodzera kuti muve mumba mangu.” Akati, “Ha—handina kukodzera kuti mushumiri apinde mumba mangu.” Akati, “Ndiri mutadzi.” Asi akati, “Changamire, handidi kufa sezvizvi.” Saka Grace Weber, kumusoro kuno, akandiendeswa zasi ikoko. Ndakanga ndichangodzoka, ndakaneta kubva kumisangano; zvino ipapo pandakange ndomunamatira, ndikamuverengera Rugwaro, akaponeswa. Ipapo, aitotadza kusimudza ruoko rwake mudenga, asi aida kukwazisa ruoko rwemunhu wese. Akangova. . . chimwe chinhu chakaitika kwaari.

⁵ Zvino pavaikwazisana maoko, ndakaona chiratidzo chake achienda kuchirugwi chehuku, nekudzoka. Ndikati,

“Zvakanaka, zvichanaka zvino”; zvino makore gumi nemasere apfuura. Zvino ainge akasvetuka mberi kwekenza, nguva yese yapfuura. Kana akafa, . . . Haana kumbobvira afa nekenza, akarwara nemoyo zvikamuuraya. Vakamuisa mweya wekufema; akafa nechikonzero chemoyo.

⁶ Zvino zvadaro ndanga ndichifunga, kungoti pakupedzisira vanhu pavanga vave kubuda, vaimba, *Zvino Jesu Akauya*. Ndizvo chaizvo zvakaaitika, Akauya ndokuponesa upenyu hwake kwemakore gumi nemasere iwayo. Uye ndafunga kuti, zvakanyatsofanira zvakadini. Mudzimai iyeye zvichida haana kuvana kuti aizviita saizvozvo. Zvadaro, zvakare, anogona kudaro. Asi zvakangonyatsa kufanira kuti inge iine chikamu ichocho ipapo, *Zvino Jesu Akauya*.

⁷ Zvino inguva pfupi, ndi—ndinovimba, misangano yangu mikuru isati yatanga. Ndinohuta zvikuru. Mangwanani ano, ndanga ndakavhiringidzika, ndaenda ku—kunonamata. Zvino ndi—ndiri kumusha, shure kuno. Mhuri, ndichangovaendesa kuArizona, uye ini . . . kuitira kuti vana vaende kuchikoro. Zvino ndadzoka kuno kuti ndi—ndingoita sekuzororera, kuenda kunovhima naHama Wood neboka rehama kuno; kuenda kunovhima, vhiki rino riri kuuya. Tiri kuenda zasi kuKentucky. Zvino ndaive . . . ndakapinda . . . zvangoitikawo kuti ndakapinda zuva iro—iro Mai Weaver vakafa, uye zvakangonaka kuti ndaikwanisa kuva pano nekubatsira Hama Neville pamariro iwayo.

⁸ Zvino handisi kuedza kuti . . . Handisi kuedza ku—kutaaurisa zvakananda pamusoro pazvo, munoziva, pane vanhu vanonyunyuta. Nokuti, ndinofunga kuti, chimwe chinhu chakaipisira kuona mu—murume kana mudzimai anogara achinyunyuta. Ndakagara ndichifunga kuti, “Mwari, ndichengetei kubva kwazviri.” Munoono, ku—kunoshayisa kutenda simba nguva dzese, munoziva. Unongo—unongo . . . kana iwe—kana iwe . . . Ndinoziva kuti pavanoramba vachikura, mumwe nemumwe wedu, tiri kuzowana chimwe chinhu chichaitika uye chimwe chinhu choitika. Zvino ndinoziva kuti zvinhu zvidiki izvozvo zvicharamba zvichiungana, ndipo apo unenge uchikura, zvinongofanira kudaro. Asi chandinofunga chakaipisira pane zvinhu zvese, ndechekuti Satani ape korona upenyu hweumwe munhu: harahwa yakakombama kana chembere, munoono. Ndi—ndinovimba kuti handizosvika pakadaro. Ndinovimba kuti ndinogona kuitakura, mitoro yangu, ne—nekusvika pachinhano chekuti . . . Ndinoda kuti upenyu hwangu hupfekedzwe korona yeKubwinya kwaMwari: kutsungirira kwaKe, hunyoro, rugare, kuzvininipisa, nekuzadzwa neMweya Mutsvene.

⁹ Zvino ini . . . chimwe chezvinhu zvinonyanya kugara zvichindirwadza muupenyu hwangu, idambudziko rekuhuta. Zvekuti pandinoneta, zvino ndinoyatsoneta. Ndinoina . . .

sekunzwa kuti hapana munhu ane hanyan'a newe, munoziva, uye—uye unenge waka... Munozviitawo, zvakare. Uye zvinongoita sekunge zvakanyanya kwandiri, munoziva, uye zvinonyatsoipa pane dzimwe nguva, uye handitombogona... Kushushikana, uye ndiko kunozviita. Zvino ndinosvika pakadaro nguva zhinji, kunyanya nezviratidzo zviya zvakawanda, munoona, zvinongondiwana. Ndinotarisa kumunhu, ndofunga kuti, "Ichi chiratidzo. Kwete, kwete, kwete, handizvo. Hongu! Handizvo here?" Munoona? Zvino hamucherechedze mubhadharo unoenderana naizvozvo. Saka zvadaro—saka zvadaro u—unoshamisika. Wotanga zvino kufunga, "Zvakanaka, uri..." Zvino woenda parutivi woti, "Manje, zvino, chii—chii chandaita? Hepano pandiri, ndi—ndine makore makumi mashanu okuberekwa uye hapana chandaitira Ishe; zvino nda—ndaiva kuchembera. Uye chii...? Oh, ini zvangu." Zvadaro unogwana... kwataiti "kuhundundika." Vamwe venyu hama dzezera rakanoita serangu munorangarira zvavaidana kuti "kuhundundika." Baba vaisitaura nezvako uye ini ndaishaya kuti vairevei, asi zvino ndave kunyatsoziva zvavaireva. Saka zvadaro, unova nemanzwiro iwayo, anova asiri echokwadi; ungori iwe, unozviziva. Honai, munozviziva, ndiwe unenge uchiita izvozvo.

¹⁰ Saka ndanga ndichiedza kuzvidzikamisa zvishoma zvino, nekugadzirira ku—kusunda kukuru kwandiri kutarisira kuuya nenguva isipi. Zvino yapera... ndinofanira kubva ndatungoenda kuNew York pakarepo, uye ini...kune musangano kumusoro ikoko, mbuserere. Zvino ndodzika kuShreveport, zvadaro ndozodzokera kuPhoenix. Zvino ndotenderera nekumadokero... muganhu wekuchamhembe weUnited States. Zvadaro vari kuita gadziriro dzemhiri kwemakungwa zvino, kuti titange nekukurumidza kwatinokwanisa mushure mekutanga kwegore, zvichida Kurume, Kubvumbi, zvakada kudaro; pamunotangira kuStockholm kana Oslo, nekutenderera pasi rose, kana tichikwanisa murwendo urwu rwunotevera.

¹¹ Uye zvino ndava kumba, ndichizororera zvishoma, kuti ndidzokedzane nekuita sekuvandudzwa. Uye kana Ishe vachitendera, ndichadzoka Svondo inotevera, kubva zasi kuKentucky. Zvino—zvino kana zvakakanaka, zvichifadza Mwari, uye Hama Neville vasinganetseki; zvakakanaka, ndichangoedza kuva neshumiro Svondo inotevera, kana—kana Ishe vachitendera. Zvino Vachingotendera saHama Neville, ndi—ndichange ndiri pano. Hongu changamire, Iye sekungo... kana Vachingozvitendera saHama Neville. Ndinotarisa kuti Vanodaro. Zvino, munoona, ndinobva ndaziva kuti munguva pfupi, Ishe vachitendera, ndichabva pakati penyu kwechinguva.

¹² Zvino ini...dzinongova mharidzo diki, pandinonhonga chimwe chinhu chidiki pamoyo wangu, zvino ndo—ndo—ndonzwa kuda kuiratidzira kwamuri, maona, kuti tiyanane

pai. Zvino, ndine dzakati kuti, shanu kana nhanhatu dzakangouya kwandiri mumazuva mashoma apfuura. Zvino ndakaenda, mazuva mashoma, kunovhima tsindi mazuva mashoma kunze kuno. Zvino ndinopinda musango, ndiine penzura nebepa. Maona? Zvino panguva iyo kwotanga kunaka nekuyedza, ndinotsamira muti pane imwe nzvimbo. Kana ndikasabatwa nehope, ndinotanga kunamata, uye zvadaro ini, Ishe vanondipa chimwe chinhu, ndinotanga kunyora pasi manotsi maduku acho, munooa. Munoziva zvandiri kureva; paunobengenuka, zvino iwe...Zvadaro ndinodzoka, ndozvikoponora zvese pabhuku remapepa. Zvino pandinoshevedzwa, ndinomhanya ndotora bhuku rangu ndoripenengura kuti ndione chandinogona kutanga, maona. Ndizvo zvaitika iko zvino.

¹³ Saka zvino, ndinoda kuti, kana Ishe vachitendera, kungotaura...Ndiri kuedza kugadzira...kupfupisa mharidzo huru, dziya dzakareba, maona; pazvinokutorera maawa. Uye Ishe vakandibatsira kupfupisa basa racho kuChicago, usiku hwekupedzisira ikoko, maminitsi angaita makumi matatu. Zvino mumwe munhu akauya, ndokuti, "Handina kumbofunga kuti zvaiva mamuri, asi mazviita!" Saka maminitsi makumi matatu, kubva kumaawa maviri nehafu, kana matatu, munoziva. Saka zvichida ndinogona kukurumidza usiku huno ndimbowana kudzidzira, kusakuchengetai kwenguva refu.

¹⁴ Mwari akuropafadzei. Zvisinei kuti waenda kupi, hakungazombova nenzvimbo yakaita setabhenakeri ino. Pamba, pamba panotapira. Zvino ndinonzwira urombo mhuri yekwaWeaver. Uye nehama iyi yechitema yakashaya, ndakanamata navo kwechinguva chidiki vasati vafa, vaiva nehunhu wakanaka. Zvino vari Kumusha naMwari zvino, uye zvose zvapera. Zvino uchatofanira kuenda zvakadaro, uye tose tinozviziva. Saka isu...dai Ishe vazorodza mweya yavo murugare, uye nerimwe zuva tiri kutarisira kubatana kuNyika iri mhiri, kusina urwere, kusuwa, kana rufu. Isati yasvika, ngatingoitai zvose zvatinogona kuVhangeri.

¹⁵ Ndichitaura pamusoro pekushushikana, ndanga ndichinamata pamusoro pako mangwanani ano. Waizoitei dai waisava nekushushikana? Chingozvifungai. Kushushikana chikamu chekurarama. Zvakaita sekundikurudzira pandakazvifunga. Dai waisava nekushushikana, waiva sechimudhori chemachira, ungadai usina manzwiro. Hapana chawaigona kushanda pachiri. Semurume nemudzimai, zvichida kana mudzimai achida kuita chimwe chinhu, uye vachiyedza kushanda pamwe chete (kunyanza Makristu), zvino mumwe achida...Zvino pamunouya pamwe chete...unoona zvinenge zvaitwa nemudzimai; iye anoona...Maona, kushushikana kunotokuunzai pedyo pamwe chete. Zvino mumwe munhu akakuudza kuti "Zvino," oti, "chingofunga

pamusoro pemudzimai mudiki uya akasvika pakushushikana kwakawanda pawakanga usina kuita zvakanaka, kana murume akasvika pakushushikana pawakanga usina kuita zvakanaka. Zvadaro kana zvose zvaregererwa, tarisa uone manzwiwo awakaita pamusoro pake. Ini zvangu, unongo...” Maona, munofanira kuva nekushushikana. Ndizvo chete.

¹⁶ Zvino chingofungai, pamusoro pemanzwiwo, kuti dai wakanga usina kana manzwiwo api zvawo, pasina marwadzo kana chii zvacho? Dai pakanga pasina kurwadza zvachose? Ungadai usina manzwiwo zvachose. Maona? Uye dai usina manzwiwo, zvino imwe yepfungwa dzako ingadai isipo. Maona? Saka, munoono, zvinhu zose zvakangonaka zvakadaro. Saka, “Mwari, vakangotipa nyasha dzekuzvigamuchira,” ndiyo nyaya yacho. Kana tikagona kuzvigamuchira nenyasha idzodzo, tomira ipapo toti, “Tinoziva kuti kana hupenyu huno hwapera, hukuru hwacho huri mhiri kwatiri kutarisira kuenda.” Uye zvino, ti—tinorangarira kuti zvinhu zvese izvi, kushushikana.

¹⁷ Zvokuti, vamwe vanhu vanoedza kuzivisa Chikristu, voti “wasunungurwa kubva mukunetseka. Iwe uri...” Kwete, hauna. “Wasunungurwa kubva mukushushikana.” Oh, kwete! Unowedzera kushushikana paunova Mukristu, nekuti waimboita chero zva—zvawada, waingoita zvinhu madiro, chero zvazvaiva kunze ikoko, usina basa nezvawaiita.

¹⁸ Asi paunova Mukristu chaiye, nguva yose unenge uchingofunga kuti, “Ndiri kufadza Ishe wangu here? Dai ndainzwa kubva kwaAri!” Zvinokuisa pakushushikana, zvinokuita kuti ugare wakarindira. Ndizvo zvinokuita zvauri. Saka mushure mazvo zvese, kushushikana chiropafadzo. Anongova maonero aunozviita. Anongova maonero aunozviita. Maona? Kana ukangotarisa chete rimwe divi, rine—rine... Hazvina basa kuti chinhu wachicheka kuchiita chitete zvakadini, unowana mativi maviri kubva pachiri, maona. Saka unoda kuona mativi ese ari maviri.

¹⁹ Saka kushushikana...Ndinofunga, “Oh ini zvangu, ndiko...Kushushikana uku chii? Dai ndakaberekwa ndisina kushushikana uku.” Zvino, dai ndisina kushushikana uku, ndingadai ndisiri zvandiri. Zvichida, ndingadai ndisiri Mukristu. Kushushikana uku kwakandiunza kunaJesu Kristu. Maona? Saka, kwakava chinhu cheropafadzo kwandiri.

²⁰ Saka zvino sekutaura kwakaita Pauro, sekunge akanga ava nekushushikana kanawo chimwe chinhu kana chimwewo, akakumbira katatu Ishe ku—kuti vakubvise paari. Uye Ishe vakati, “Sauro, Wangu...Pauro, nyasha dzangu dzakakukwanira.”

²¹ Iye akati, “Zvino, ndichazvirumbidza muhutura hwangu. Zvino pandinenge ndakarukutika, ndipo pandiine simba.”

Maona? Kana zvichingova maererano nekuda kwaMwari, zvakanaka.

²² Zvino, ndakaMubvunza imwe nguva pazvainditambudza zvakanyanya, zvakandivhundutsa. Uye Iye akandiudza, makore angaita masere kana gumi apfuura, Akati, “Hazvizombokuvhundutsa zvakare.” Zvino hazvina kuzombobvira zvararo. Kwete, changamire; usa—usanetseka nazvo. Ndinongozvinzwa, asi ndinoziva kuti zviripo; asi ndinongoramba ndichienderera mberi nokuti hazvichandityisa zvakare, ndinotenda zvikuru nekuda kwazvo. Zvino, Aigona kuti, “Hazvichazodaro zvakare,” zvakangodaro sokuti “Hauchazombovhundutswa zvakare.”

²³ Saka kuda kwaKe kuti zviitike, saka ndinongozvimbundira ndoti, “Maita heNyu, Ishe, ndichafamba nenzira iyoyo.”

²⁴ Zvino, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva ti—tinamate. Pane chikumbiro chemunamato here chakasanangurwa? (Ndinoona mahengechepfu akaiswa pano.) Simudza ruoko rwako. Ishe, ropafadzai mumwe nemumwe wevana veNyu.

²⁵ Baba vedu veKudenga, patinouya zvino paChigaro cheNyu chenyasha chikuru, chehumambo, nekuti tashevedzwa kuti tiuye. Tiri kuuya nekudana kwaJesu Kristu. Zvino tinouya nezvishuwo zvedu zvose, uye tozvikandira paAri nekuti Ane hany’n’a nesu. Inyaradzo huru yakadini, kuziva kuti ane hany’n’a nesu. Mwari mukuru weDenga, Musiki; ane hany’n’a nesu, zvisikwa zvaKe. Tinofara zvikuru nekuda kwazvo, Ishe. Inyaradzo yakadini munguva dzino dzatiri kurarama, pazvinoita sekunge ha—hapana kumwe kwekuwana nyaradzo kunze kweShoko reNyu. Ndiyo nyaradzo yedu, iVimbiso yeNyu. Uye muVimbiso yeNyu, Makati zivisai zvikumbiro zvenyu, uye “Kana muchikumbira chinhu muZita raNgu, ndichachiita.” Uye Vimbiso dzose huru idzi: “Kumbira uchapiwa. Iti kugomo iri, ‘Famba,’ usingapokane, zvino richafambiswa.” Vimbiso dzese idzi, zvino tinogona kutora kubva iMomo chaizvo zvatiri kukumbira.

²⁶ Maoko asimudzwa, anoda chimwe chinhu, Ishe. Imi munoziva chishuwo chavo; chizadzisei, Baba. Ndinoisa munamato wangu newavo mberi kweNyu, ruoko rwangu mudenga neavo. Hepano padhesiki rino, parere machira. Oh, vanhu vane kutenda zvakadini, kutenda kwakasimba, Ishe, . . . Zvinongoita sechinhu chaMakandiropafadza nacho, kugona kunamatira vanhu vanorwara. Kwese-kwese, chero kupi zvako, kwese kwandinoenda, chimwe chinhu pamusoro pekunamatira varwere. Mwari, batsirai zvino. Ndinonamata nekuperera kuti Mupindure zvikumbiro zvemachira aiswa pano, kune vanhu vakumbira. Ngoni dzeNyu ngadzive pamusoro pavo.

²⁷ Ishe, tinoziva kuti Hanzvadzi Hicks vauya nemudzimai pano, akabhururuka nzira yese kubva kune imwe nzvimbo kuti

azonamatirwa, ane kenza; uye vaida kuziva kana vaizokwanisa kumuunza kuno. Ndinonamata, Mwari, kuti Muponese hupenyu hwemunhu iyeye; zviitei. Kamuzukuru kangu, Mikie, avete uko achirwara nekurutsa, nefivheri; achangosiya musuwo. Ishe, ndi—ndinotenda kuti tava nemunamato wekutenda kuti Matozvimisa, uye ndi—ndi—ndinoKutendai, ndichinzwa fivheri ichibva pamukomana ndisati ndabuda muimba.

²⁸ Zvino, Ishe, . . . tinokutendai nokuda kwezvvinhu zvose izvi. Zvino mungava wangu kuti nditaure pamusoro peShoko reNyu. Tipei Shoko reNyu, Ishe. “Shoko reNyu iChokwadi.” Ropafadzai moyo yedu mutipe nya—nyasha dzatinoda, kuitira kuti tidziwane kubva muVimbiso dzaMwari manheru ano, muShoko, kutiraramisa muvhiki rino rese; zviitei. Ropafadzai mufudzi wedu, uyu mweya wemhare, mudzimai wavo, nevana vavo, madhikoni, matirastii, nemunhu wose anopinda kana kubuda muchivakwa chino; zviitei, Baba. MuZita raJesu Kristu takumbira maropafadzo aya. Amenii.

²⁹ Zvino, ndinoda kuverenga kubva munzvimbo mbiri dzezvinyorwa zvaShe. Ndinoda kutanga kuverenga kubva muBhuku reMapisarema, Pisarema rechi 86. Uye ndichada kuverenga kubva munaMutsvene Mateo, chitsauko 16, 1 kusvika 3. Zvino ndinoda kuverenga chikamu chePisarema iri, kwete rose asi kudzika kusvika pamwe kundima 11, zvinoti darikirei hafu yaro.

³⁰ Zvino ndinoda kuzivisa uyu, wandingatani musoro wenyaya, ndisati ndaparidza pamusoro pawo: *Nguva Yekubatana NeChiratidzo*. “Chiratidzo chenguva yekubatana,” zvinoita sezvisinganzwisike. *Kubatana*; munoona? *Nguva*; nguva yekubatana, ndizvo zvazviri iko zvino. *NeChiratidzo* chenguva iyoyo yekubatana.

³¹ Mu—muna Mapisarema, munamato waDhavhidha, Pisarema rechi 86.

Rerekai nzeve yenyu, O JEHOVHA, ndipindurei: nokuti ndiri murombo nemushaiwi.

Chengetai mweya wangu; nokuti ndiri mutsvene: Haiwa Mwari wangu, ponesai muranda wenyu anovimba nemi.

Ndinzwirei ngoni, O Jehovha: nokuti ndinodana kwamuri zuva rose.

Fadzai mweya wemuranda wenyu: nokuti ndinosimudzira mweya wangu, kwamuri, O Ishe wangu.

Nokuti imi, Ishe, makanaka, munofarira kukanganwira; mune ngoni zhinji kune vose vanodana kwamuri.

Rerekerei nzeve yenyu, O JEHOVHA, kumunyengerero wangu; . . . tererai inzwi rekukumbira kwangu.

Pazuwa rekutambudzika kwangu ndichadana kwamuri: nokuti muchandipindura.

Oh, hazvina kunaka here? “Muchandipindura.”

Hapana akafanana nemi pakati pavamwari, O Ishe; uye hapana mabasa akafanana nebasa renyu.

Ndudzi dzose dzamakaita dzichauya kuzonamata pamberi penyu, O Ishe; imi mucharumbidza zita renyu.

Nokuti imi muri mukuru, munoita zvinhu zvinoshamisa: ndimi Mwari woga.

Teererai zvino.

Ndidzidzisei nzira yenyu, O JEHOVHA; ndi—ndichafamba muzvokwadi yenyu: Batanidzai moyo wangu kuti nditye zita renyu. (Kubatana! Munoono?) . . . batanidzai moyo wangu kuti nditye zita renyu.

³² Ndiri kutaura pamusoro pekubatana; nechiratidzo chenguva. Zvino, muchitsauko 16 chaMutsvene Mateo.

VaFarise navaSadhuse vakauya, . . . kuzomuidza, vakakumbira kwaari kuti avaratidze chiratidzo chinobva kudenga.

Asi Akapindura akati kwavari, Panguva yemadekwana, munoti, I . . . kuchachena: nokuti denga rakatsvuka.

Zvino Mangwanani munoti, Nhasi kwakaderera . . . kuchasviba: nekuti denga rakatsvuka richifiduka. Haiwa imi vanyengeri, munoziva kududzira zvinoonekwa mudenga; asi hamugoni kududzira zviratidzo zvinguva?

Mwari awedzere maropafadzo aKe azere nyasha pakuverengwa kweShoko iri.

³³ Zvino, tiri kutaura pamusoro pekubatana uku, nguva yekubatana; chiratidzo chenguva yekubatana. Honai, Jesu aiva pano, muGwaro ratapedzisira kuverenga, Ainga achitsiura vashumiri vezvinamoto nekuda kwekusakwanisa kwavo kuziva nguva kana chiratidzo chenguva. Zvino, chakagara chiri chinhu chikuru kuvanhu, maona, kugona kuziva *chiratidzo chenguva yauri kurarama mairi*; nokuti Mwari anonyatsozvinoyora zvakajeka kuti pashaye anonzvenga.

³⁴ Zvino, pane zvemazuva ese, ndaingoenda kunotora kubva kune vamwe vashumiri, vamwe varanda vaShe munguva dzeBhaibheri (sechiratidzo munguva yaNowa, chiratidzo chenguva yaDhanieri ne—nezvimwe, zviratidzo zvakasiyana-siyana), asi ndinoda kusiya izvozvo manheru ano ku—kuti tichengetedze nguva, yekukwanisa . . . Asi yagara iri nzira yaMwari, kuvapa chiratidzo chenguva che—chepanyama, kuitira kuti munhu wese azive paiva ne—nenguva. Zvino vaFarise ava

vaifanira kunge vakaziva nguva yavo. Vaifanira kunge vakaziva paiva nenguva. Akati pane imwe nzvimbo, “Dai maiNdiziva, mungadai makaziva zuva raNgu.” Maona? Chi—chinhu chi—chikuru kuti tinzwisise. Maona, “Pasina kunzwisisa!”

³⁵ Ndizvo zvavaigara vachinongedza kuvaporofita pamusoro pazvo, vakati, “Zvino aiwana kunzwisisa, kubudikidza nezviratidzo kubva kunaShe. Uye Shoko raShe raiuya ku—kuvaporofita vakare.” Munoono, vaiwana kunzwisisa kubudikidza neShoko raShe, nevaporofita. Uye zvadaro—vaporofita vopa chiratidzo. Semumwe, murume akarara nerutivi rwake kwenguva refu, uye ndokutendeuka akarara nerumwe rutivi. Mumwe murume akatokumura hanzu dzake. Uye oh, zvinhu zvakawanda zvavakaita kuti varatidze chiratidzo chavairarama machiri. Uye zvino tinoziva kuti Mwari akagadzira matenga nenyika, ndo—ndokugadzira basa raKe kuitira kuti Atsanangure nguva yaKe nechiratidzo, Mwari mumwe chete iyeye anorarama nhasi. Saka tinofanira kuva, chimwe chinhu. . . Patinenge ti—tichiona nguva yatiri kurarama mairi, panofanira kunge paine chimwe chinhu chisiri kuonekwa nemumwe munhu, pane imwe nzvimbo. Maona? Nokuti Mwari haangamboredgedza zvinhu izvi zvichiitika tisina kumbopiwa chiratidzo chemazvirokwazvo, chazvo, cha—chatinganzwisisa.

³⁶ Hechino chinhu nhasi, chekuti vashumiri, hatichiverenge zvakanaka. Zvakangoita sezvazvaiva kareko, havana kufunga kuti ndiyo yaiva nguva. Va—vaifunga kuti vairarama murugare panguva iyoyo, saka hapana Mhesiya wavaitsvaga. Zvino Jesu akati Kuuya kwaKe kwaizova “sembavha pausiku,” apo—apo vanhu vanenge vasingatarisire Kuuya kwaKe. Asi paiva nedzimwe mhandara dzakaenda kunosangana naYe, chidimbu chavo, vaiva nemafuta mumwenje wavo uye vakagadzirira; vaiva vakatarisira chiratidzo ichocho. Zvino ndiye wandiri kutaura nezvake manheru ano, maona, kune avo vari kutsvaga chiratidzo zvino, chiratidzo cheKuuya kwaKe.

³⁷ Zviratidzo izvi zvakapiwa, naShe, zvinongopiwa kuvatendi bedzi. Vasingatendi havangatombozviona. Zvinongoenda nepamusoro pavo, uye havambozviona. Uye zvino, sechokwadi chekuti Ngirozi yaMwari inogona kumira papuratifomu ino manheru ano, zvechokwadi se—sekutarisa kwandakakuitai, ndinogona kunge ndakatochitarisa; kana kuti munogona kunge makachitarisa asi ndisingachione, kana kuti ndinogona kuchitarisa uye imi musingachione. Zvino, munoziva kuti zviru muMagwaro; iZvokwadi yakananga. Vakaona. . . Munoziva kuti Pauro akawira pasi, asi vamwe. . . hapana mumwe wavo akagona kuona Chiedza ichocho.

³⁸ Chiedza ichochi chaivepo Johane paakamira mberi kwemhomho, nezviuru zvevashumiri ne—nevatana, nevarume vakuru, kunze kumhenderekedzo dzerwizi. Zvino Johane akati, pachake, iye akapupura kuti akaona Mwera waMwari uchidzika

senjiva ndokuuya pamusoro paKe, uye Inzwi richiti, “Uyu Mwanakomana waNgu Uyo wandinofarira kugara maAri.” Zvino hapana akaChiona kunze kwaJohane. Maona? Zvaingova zvake iye.

³⁹ Makacherechedza here hudzamu, hwechiratidzo chevachenjeri? Vakatarisa, chaivapo... Vaiva vaHebheru. Vaisava vanzveri venyeredzi vekuIndia kwazvo, vaiva vaHebheru; nokuti vaiva vaenda kumusoro ikoko munyika iyoyo vachidzidza zvekunzvera nyeredzi, kuti vapedzise dzidzo yavo. Zvino pavakanga... vakatarisa kuJerusarema, uye vachiziva kuti vainge vaona nyeredzi nhatu idzi kubva mudzinza remumwe nemumwe wavo—wavo, raHami, Shemi, naJafeti, kunova kundudzi dzavo kwavakabva, mumwe nemumwe, uye vakaona nyeredzi idzi mudzinza ravo. Chaiva chiratidzo kwavari, kuti kana nyeredzi idzi dzapinda mumutsara, Mhesiya aiva panyika.

⁴⁰ Oh, ini zvangu! Hazvishamise sei vakauya, “Aripiko? Aripiko uyo Mambo wevaJudha aberekwa? Takaona nyeredzi yaKe kuMabvazuva, uye tauya kuzoMunamata. Aripiko?” Vaiziva kuti Mhesiya rusvava urwu aiva arere pane imwe nzvimbo, nekuti Mwari akavapa chiratidzo chenguva, chekuti Mwari nemunhu vaive vobatana pamwe chete. Kubatana kwakadini, apo Mwari akazvibatanidza mumutumbi wemunhu! Mutungamiri, kubatanidzwa kukurusa kwati kwakamboitwa, ndeapo Mwari aibatana nemunhu; ndokusiya hukuru hwaKe—hwaKe hwese hwekuva Mwari ndokutambanudza tende rake akapinza vanhu, ndokuva mumwe wavo, kuzovadzikinura. Kubatana. Kwakaitei? Kwakaunza rugare pakati pavanhu naMwari nekusingaperi; tinotenda zvakadini.

⁴¹ Uye zviratidzo hazvina kutumirwa... Zvino chingofungai, munhu wese, nevachenjeri; vanhu mumazuva iwayo, vaishandisa nyeredzi kutarisa nguva. Paiva nenharirire yaienda pamusoro pe—pedziro, uye aienda ipapo onorindira. Zvino kana akaona dzimwe nyeredzi dziine mamwe mamiriro, padzinenge dzichipfuura, aiziva kuti dzaiva nguvai. Rangarirai muGwaro, “Inguvai, nharirire?” Zvino nharirire yaidzoka yomuudza kuti dzaiva nguvai. Maona, vaichengeta nguva kubudikidza nenyeredzi.

⁴² Zvino, hazvishamise here kuti nyeredzi idzi dzaive dzakanyatsonangana mumutsara kuvarume vatatu ava uye hapana mumwewo akazviona? Munona? Dzakangonangana chaizvo mumutsara. Zvino, unogona kunyatsonangana neGwaro. Maona? Nyeredzi idzi padzakapinda muhumwe, dzikazvibatanidza murundaza urwu, varume vatatu vakanga vakabatana panguva imwe cheteyo. Saka zvino unogona kubatana naMwari, muShoko raKe, kusvikira zvinhu izvi zvava mazvirokwazvo, uye uchigona kuzviona uchiziva kuti ichokwadi. Maona? Chiratidzo chenguva! Unogona kuchipotsa, woti, “Ah, hazvina maturo!”

⁴³ Asi *kwauri* handi zvisina maturo. Kwauri, wakabatanidzwa neShoko, uye heRino pano. Zvino Chiedza che—chemazvirokwazvo, Hama Pat, pa—pa—pa—pamunoona chiratidzo ichi chichibatana nemutendi. Zvino ndiye wandiri kuudza izvi, mutendi, nokuti asingatendi haambozvione. Zvino kungadai kuri kutsiurwa kwakadini dai Aiva panyika nhasi; kuvashumiri vedu vazhinji nhasi uno, vasingagone kuverenga chiratidzo ichi; zviratidzo zvatiri kuverenga zuva nezuva pano patabhenakeri, nekuona zvinhu. Uye vamwe vari kuchiverenga nekuona chinyorwa pamadziro, asi zvakadaro vazhinji vanongozvifuratira, uye havatombochiona zvachose. Hazvireve chinhu kwavari zvachose; havachicherechedze.

⁴⁴ Zvino cherechedzai, kuti mune izvi, kuti iYe—iYe akanongedza kuzviratidzo zvendudzi. Zvino, pavakaMubvunza pamusoro peizvi, vaida zviratidzo; zvino Akavapa zviratidzo zvakaitika. Zvino vaida kuziva kuti nyika yaizoguma rinhi, nechaizova chiratidzo pamagumo. Zvino Akavanongedzera nzvimbo dzakawanda kubudikidza neGwaro pamusoro pezviratidzo zvendudzi, pamusoro pezviratidzo zvemuchadenga mumatenga, nechiratidzo chepanyika; Akavapa zviratidzo, chiratidzo, zviratidzo, chiratidzo nguva dzose. Zvino paAkavaudza kuti pane imwe nzvimbo pamusoro pechiratidzo chendudzi, Akati, “Pamunoona ndudzi, moonu, dzichitanga kuunganira Jerusarema, honai, zvadaro tinoziva kuti nguva yekutambudzika kwavo yava kusvika, pamunoona Jerusarema yakombwa nehondo.”

⁴⁵ Zvino, vasati vagona kudaro, Mwari...Nyika yaifanira kubatana. Tito, uyu mukuru wehondo yevaRoma aifanira kubatanidza hondo dzake dzose ouya, mushure mekunge maJudha aya aramba chiratidzo chenguva chavakange vapiwa naMwari. Ndiyo nguva iyo Tito akaunganidza mauto ake pamwe chete, ndokuuya kuzitora guta. Pakutanga paifanira kuva nekubatanidzwa kwevanhu vaMwari (vaidanwa izvozvo) zvichipesana neShoko raMwari, nyika isati yagona kuzvibanidza ichipesana nevanhu vaMwari. Maona, ku—ku—kubatana, kubatanidzwa; kubatanidzwa pamwe chete.

⁴⁶ Ndinotenda kuti tiri kurarama munguva huru yekubatana. Ndiri kudonhedza magetsi matsvuku aya, nezviratidzo zvinopenya nezvose (zvemadzimai, maitiro avo; nevarume, maitiro avo; nemachechi, maitiro awo), ndichiratidza boka duku rino, nemoyo wangu wese, zvandinotenda kuti tiri kukwana mumutsara weShoko raMwari munguva huru ino yechiporofita, kuuya kwaIshe Jesu kwave kusvika; kubatanidza pamwe chete nekugadzirira.

⁴⁷ Zvino, munoona, Tito asati abatanidza ndudzi... hondo dzake pamwe chete, Israeri yakazvibanidza pamwe chete ndokuzviunganidza, kuti vasatende kuti Jesu aiva Mhesiya. VakaMuramba, vakaMudzinga,

ndokuMurovrera pamuchinjikwa. Zvino, pavaKaramba ruponeso rwavakatimirwa, vakabatana pamwe chete kuti vazviite. Zvino, zvichengetei mupfungwa dzenyu: vakazvibatanidza pamwe chete, kuti varambe Mharidzo yenguva! Vaifanira kudaro. Zvino pavaKaita izvozvo, zvino chiratidzo cheniyika chakauya.

⁴⁸ Nyika dzakatanga kuzvibatanidza, Tito akaunza hondo yake huru yevaRoma nemaGiriki vakakomberedza madziro eJerusarema, ndokuvharira vanhu vaye imomo zvino, vakafa nenzara. Vakadya makwati emiti. Josephus, munyori mukuru wenhorondo, anotiudza. Vakafura uswa kubva pasi. Vakatofashaidza vana vavo vakavadya; munoono, sekunge vanhu vanopenga. Zvino, pakupedzisira, apo Tito, akanga akagara pazvikomo, zvakakomberedza Jerusarema ipapo, uye— uye vanhu vaivamo vaifunga kuti vaiita kuda kwaMwari, pavakaona hondo idzi dzichifora dzichipinda. Vakanga varamba kunzwa Tenzi Mukuru, Ishe Jesu, akavaudza izvozvo.

⁴⁹ Hapana kana mumwe weMakristu akabatwa imomo, nokuti vakaona chiratidzo vakabva vabudamo. Maona? Vakati, “Regai avo vari pamatenga edzimba vasaburuke, kana uyo ari mumunda asadzoke, ngaasatore chokufuka chake; asi tizirai muJudhea, namatai kuti kutiza kwenyu kusave mumwaka wechando kana nezuya reSabata.” Nokuti, mumwaka wechando, ma—makomo anenge akazara chando; uye nemusi weSabata, suwo, masuwo anenge akavharwa, gedhi, uye vaizowanikidzwa vari muchinhano ichocho. Maona? Tinoda kusvika ipapo munguva pfupi pamusoro pe...kuti Mwari anoita zvinhu izvozvo sei, kana Ishe achitendera.

⁵⁰ Cherechedzai zvino, iYe . . . Vakanamata kuti zvigozodaro . . . kuti zvisava saizvozvo, Jesu akavaudza kuti vanamatire izvozvo, uye hapana kana mumwe wavo wavakambobata imomo. Vakanga vaenda nokuti vakatarisa chiratidzo, ndokubva vaenda; ndizvo zvega zvaivapo.

⁵¹ Oh, machechi nhasi anofanira zvakadini kuona chiratidzo chenguva yatiri kurarama mairi! Tiza nekukwanisa kwese kwaunako kuKarivhari, uwane Upenyu; kwete kune imwe chechi, asi kuna Jesu Kristu. Zvibatanidze naYe, uye kwete nerimwe sangano kana chimwe chitendwa chechechi. Batana naKristu, uye iva nechokwadi kuti ndiYe. Haungangotora chinhu chese-chese, unofanira kuva nechokwadi kuti ndiYe. Inguva yakadini yekubatana!

⁵² Zvino, tinoona kuti vakaramba Mhesiya ndokuzvibatanidza pamwe chete vakazvigadzirira boka, vakaita ch—chi . . . chisungo pakati pavo chokuti ani naani anogamuchira Jesu seMuporofita, vaizodzingwa kubva muhechi. Munorangarira mukomana bofu akaberekwa aine meso asingaone? Vadzidzi vakati, “Ndiani akatadza? Iye, kana baba vake, amai vake?”

53 Zvino Jesu akati, “Panyaya iyi, hapana; asi kuti mabasa aMwari aitwe, aziviswe.”

54 Uye rangarirai, vakati baba naamai havaigona kutaura. Vakati, “Vanoziva kuti uyu mwanakomana wedu, asi hatizive kuti akapodzwa sei.” Nokuti maJudha akanga ati munhu upi zvake aipupura kuti iYe Muporofita, aizodzingwa kuchechei.

55 Asi, munoona, mabasa aMwari aiva ekuti mukomana uyu akanga asiri weboka iroro. Zvino iye akati, “Zvino, zvinondishamisa kuti hamuzive kuti Murume uyu anobvepi, asi Andipa kuona nemeso.” Maona? Zvino, aigona kuzvitaure. Munoona, aiva mabasa aMwari. Akanga apodzwa, apora, zvino aigona—aigona kuzvitaure nokuti akanga asina tambo dzakasungirwa paari kubva kupi zvako. Ndiye aive aiitirwa mabasa paari, uye akanyatsoona zvake...kecutanga muhupenyu hwake.

56 Zvino, maJudha akazvibanidza achipesana naJesu ne—nekupesana nehuMhesiya hwaKe, neMharidzo yaKe yehuMhesiya. Tinoona chinhu chimwe chetecho chichiitika, chingori chinhu chimwe chetecho. Communism iri kubatana kuti iparadze chechi, uye nzira yoga yainga...mushure mekunge chechi yazvibanidzawo zvakare, muMubatanidzwa weMachechi, Mubatanidzwa weMachechi Pasi pose, kuramba nekuparadza Mharidzo, Shoko! Vakaramba Shoko, chechi dzakadaro! Havagone kuRigamuchira nekuti Rinopesana nechitendwa chavo chesangano; zvisinei kuti iShongwe ngani dzeMoto dzingaonekwe mune yedu...pakati pevanhu, kana kuti vanhu vangani...zvinhu zvingani zvingafanotaurwa kuti zvichaitika zvoitika, nezviratidzo zvese zvakakura zvaAkavimbisa zvezuva rekupedzisira; havagone kuzviita.

57 Nokudaro, vari kuzvibanidza iye zvino, uye mufudzi wenyu pano nevazhinji vanogona kukuudzai, vari kuverenga, kuti vari kudaro...vava nemubatanidzwa wemachechi e—e—epasi rose. Zvino...pane mushumiri weLutheran ari kuutungamira. Kuitira kuti, kana pakaita tsaona, munharaunda ino; kana tisina kubatana nemubatanidzwa uyu, zvino chechi yedu haizotenderwa kuva chechi, uye vanogona kuishandisa seimba yokuchengetera zvinhu. Kana kuti mumwe wedu hama akaona munhu achifa kana kuti akuvadzwa, oedza kumupa chero ropafadzo reMweya, tinogona kupfurwa nokuda kwazvo; ndizvo chaizvo. Tinogona kupiwa makore gumi mujeri nokuda kwekushumira nenzira ipi zvayo, nokuti hatisi nhengo yemubatanidzwa wemachechi uyu. Hamusi kuona munembo wechikara here? Maona? Maona?

58 Zvino, tinoona nguva yekubatanidzwa iyi ichiuya. Maona? Zvino, tarisai! Zvino chechi yazvibanidza ichipikisa Mharidzo; uye kana yadaro, nyika dziri kuzvibanidza muCommunism kuzoparadza chechi zvakare; chaizvo zvayakaita pakutanga. Maona? Inozvidzokororazve zvakare.

⁵⁹ Israeri yaifanira kuramba Mharidzo kutanga. Uye pavakaramba Mharidzo, zvino mauto, hupenyu hwenyika hwakazvibanidza pamwe chete (hwedzimwe nyika), hwakapinda hukaparadza chechi. Zvino nhasi, varamba Mharidzo yaShe Jesu, uye vaIramba. Uye zvino, nguva yavika yekuti Communism iri kubatanidza nyika pamwe chete ichipesana nechechi. Honai, zvinofanira kudaro. Zvino, zvinorwadza kutaura.

⁶⁰ Zvakanga zvakavaomera maJudha kuti vatende, vakati, “Zvino uyai, hama, tiri kuona kuti—kuti Mwari wedu—wedu anesu, saka ticha—tichapinda mutemberi. Zvino tichanamata, toti baba vatsvene *Nhingi-nhingi* nababa vatsvene *Nhingi-nhingi* vatitungamirire mumunamato. Vharai suwo!” Zvino Tito akatora nzvimbo yake, ndokuramba akamirapo kwenguva ingaita gore kana kupfuura. Munoono, akanyatsorinda, ndokuvauraya nenzara. Hapana kana mumwe wavo aigona kubuda kunze kweguta; ndokubva vafa, nenzara. Zvino paakapinda imomo ndokuwisa madziro pasi, ropa rakajuja richimhanya senzizi zasi uko kwaakanga auraya zvese zvaiva imomo.

⁶¹ Zvino, Ngirozi yaJehovha yakaporofita izvozvo, shure Mutestamende yeKare, ikataura kuti izvozvo zvaizoitika. Zvino vashumiri ava vaiva vafundisi, vaifanira kunge vachiziva nezvazvo nekuudza vanhu pamusoro pazvo; kunze kwekudaro, Jesu paakamira pakati pavo, havana kana kutomboMuziva; vakaedza ku—ku—kuita zvakaita se—semashiripiti, “Tiitire munana, rega tione kuti—kuti zvinoitwa sei! Tiratidze chiratidzo.” Maona? Zvino Iye akati, “Ini. . .” Sei, iYe akatoita zvinhu zvakawanda, asi havana kukwanisa kuzviona. Maona? Zvino pavakaMuramba sewavo. . .Mharidzo yezuva iroro, vakaramba Mharidzo yezuva iroro.

⁶² Vakatatadza kuona chiratidzo chezuva iroro. Uye chiratidzo che—chechiporofita cheBhaibheri chakaitwa mberi kwavo, ivo vakati, “Ngatipindei zvino!” Vaiva varume vatsvene. Vaiva varume vekuti hawaigona kuwana chawainongedza pahupenyu hwavo. Havaigona kudaro, vozova—vozova mu—mu—muprisita. Muprisita aiurayiwa, aitemwa nematombo kusvika afa nekuda kwechero chinhu chidiki. Saka aifanira kurarama hupenyu hutsvene, hwakachena. Aisagona kudaro, nekuti aitemwa nematombo nekuda kwechinhu chipi zvacho. Zvino vaiva varume vakuru, nevarume vatsvene pamberi pevanhu, asi zvakadaro vakapinda vakati, “Zvino, ticha. . . Tina Mwari, Mwari Agara nesu kwemazera ose. Tichapinda mutemberi yaKe tsvene.” Yaiva temberu tsvene yaMwari! Asi, munoono, Akanga arambwa mutemberu yaKe tsvene. Maona? “Tichapinda muimba yaShe. Zvino imi vaHebheru mose munoziva kuti ndisu rudzi rwakasarudzwa, ndizvo zvatiri, pano. Uye Mwari ndiMwari wedu; Mwari waAbrahama, Isaka, naJakobho. Anesu.

Achatidzikinura kubva kuvaFiristiya vasina kudzingiswa kunze uko (sezvazvakambova), vaRoma nevaGiriki. Achatidzikinura kubva kunaizvozvo. Ngatipindei muimba yaJehovha!”

⁶³ Zvinoratidzika zvakanaka; asi chii chavakanga vaita? Muvaki wemba aivamo, muchimiro cheMugarirea akazvininipisa, vakaMuramba; apo Mwari akanga aMusimbisa seMutumwa waKe wenguva, neDavi. VakaRiramba. Saka kunamata kwese, kuperera kwese, nezvipiriso zvavo zvese hapana zvazvaireva kunaMwari. Vakanga vazviita! Zvino Mwari vakatendera hondo huru kuti ibatane kuzoiparadza.

⁶⁴ Zvino tinoona nhasi uno, semachechi mumasangano nezvakadaro, vachiramba Shoko raMwari. Havadi kuti muvauzve pamusoro pezvinhu izvi, uye sainzi inogona kuzviratidza nemifananidzo nezvimwe zvinhu zvese, asi zvakadaro havadi kuwana chekuita naRo. Saka communism iri kugadzirwa kuti ivaparadze, chaizvo sezvakangoitwawo naTito, uye Bhaibheri rakati vachadaro. Chaizvo!

⁶⁵ Zvino, munoona patiri kurarama? Nguva yekubatana. Patinoona zvinhu izvi zvichibatana, oh; sei, tinotadza kuona zvinhu izvozvo! Munogona—munogona kutarisa pano muMagwaro moona paAkazvivimbisa, zvaAizoita. Zvino, tinozviona zvichiitika. Tinoona muchechi zvaAkavimbisa kuzoita; tinoona zvichiitika. Tinoona nyika dzichibatana pamwe chete. Tinoona maism achibatana pamwe chete. Tinoona machechi achibatana pamwe chete. Inguva yekubatana. Yave nguva yekubatana. Ndiwo mweya wezera, “Tinofanira kubatana.” Zvose zvamunotaura pamusoro pazvo zvinofanira kunge zvakarongeka; kunyange hurumende haizvigamuchire.

⁶⁶ Munoziva, semugari... Handigone semugari, semugari wemuUnited States, asi ini—ini... ukandipa cheki yemadhora mashanu handitomboisa zita rangu ipapo. Maona? Munoona, handigoni kuzviita. Maona, inguva yekubatana. Zvese zvinofanira kupfuura nemumubatanidzwa weimwe nzira, uye mubatanidzwa uyu ndiwo unounza munembo wechikara. Maona? Inguva yekubatana, uye zviru kuendeka zvakananga ikoko. Unogona kutongozviona nemeso ako, kana ukazvitarisa. Inguva yekubatana, apo zvinhu zvese zviru kubatana pamwe chete.

⁶⁷ MuJudha—MaJudha akazvibanidza achipesana naJesu, saMhesiya wavo—wavo. Nokudaro, tinoona zvakaiteka. Tinoona zvimwe chetezvo zvino, communism ichibatana kuzoiparadza chechi, mushure mekunge chechi yabatana muMubatanidzwa weMachechi Pasi pose ichiedza kuparadza Mharidzo, Shoko raMwari. Vanoedza kuIparadza. Chinhu choga chavanogona kuita kuzvigadzirira mubatanidzwa, nokuti vakapatsanurwa; kaboka pano, veMethodist, neveBhaptist, neveLutheran, nevePrebyterian, vechurch of Christ, zvichienda mberi zvakadaro. Hapana chavanogona kuita, nokuti *uyu* anenge

achipesana *newyu*, *uyu* achipesana *nemumwe*, dzidziso dzavo dzakangosiyana sekumabvazuva nekumadokero. Maona, havagone kuzviita. Asi vachinge vangobatana, pasi pemusoro mumwe chete mukuru, vanawo. Vanenge vanawo.

⁶⁸ Ndosaka Makatorike akanyatsobatana, veRhoma Katorike, hongu vari muhumwe, vari... vakawanda vacho ndeveRhoma Katorike; VaGiriki nemamwe Makatorike ha—havana kunyanyowanda seveRhoma Katorike. Zvino vanobatana pamwe chete, uye ndosaka vachimira pamwe chete. Zvisinei kuti chii chaitika, papa iyeye ndiye musoro wezvinhu zvese. Maona? Zvisinei nezvinotaurwa nemumwe munhu, “Haakundiye; ndiye—ndiye—ndiye anomiririra Mwari, ndozvega; ndiye ari mushure maMwari; ndiye ane simba pamusoro pegehena, Denga, nepegatori.” Maona? Saka hapana chinhu chinogona kuitwa muchinhano *ichocho*; chero zvaatura, ndizvo zvinofanira kuitwa.

⁶⁹ Zvino, Maprotestanti vari kuzvigadzirira musoro wakangofanana naiwoyo, zvimwe chetezvo. Zvino Bhaibheri haritaure here kuti paiva nemufananidzo wakagadzirwa sewechikara? Mufananidzo chii? Chimwe chinhu chakaita saichocho, chakagadzirwa seichocho. Hechinoi icho, chinhu chimwe chete. Chii? Nekuzvibanidza pamwe chete, zvino ndiwo mweya wezera, *kubatana*.

⁷⁰ Kubatana pamwe chete zvino, vachiedza kuparadza Mharidzo. Vanoparadza sei? Vangaparadza sei Shoko raMwari? Vanogona kuRishayisa maturo, kurishayisa simba, kubudikidza nekutora tsika semaitiro avakaita kare pamavambo, vachishaisa Shoko raMwari simba. Honai, vanoti, “Oh, izvo... Chokwadi, mushure mazvose, . . .” Muri kuona zviru kuedzwa nemudzimai asingatende uyu... iye... ndakanganwa zita rake zvino; dai ndangogona kuridana. Iye... ndiri kuyedza kufunga zvakanwanda.

⁷¹ Ndaifunga nezveuyu Muzviri Nations rimwe zuva; ndinoshuva kuti dai taiva nemumwe akadaro kuti asimuke. Ndiye akapinda mumabhawa akanobvisa hwiski, ndokukandira panze zvikwangwani nezvinhu zvese zvakanwanda. Sei pasingawanikwe mumwe mudzimai nhasi anosimuka saizvozvo, obuda kunze ikoko kunobvarura mimwe mifananidzo yemadzimai asina kupfeka aya erudzi rwake, nezvinhu zvakanwanda? Izvozvo, havasisina zvachose.

⁷² Zvino, asi mudzimai uyu, asingatendi, akataura kuti—kuti “Hazvisi mubumbiro remutemo wenyika, kuti Bhaibheri riverengwe muzvikoro zvehurumende,” nezvinhu zvakanwanda.

⁷³ Zvino ivo zvakanwanda, macherechedza zvakanwanda here, vari kuedza zvino kuti, vanzveri vakuru veMagwaro, vakati “zviporofita zvizhinji zvakanwanda muBhaibheri zvakanwanda zvachose, uye hazvina kumboitika.” Zvino makanwanda nezvazvo

mukazviverenga. Uye vari kuedza kuti zvinhu zvese; munoona, vari kuedza kuparadza simba reShoko iroro. Kana vakangogona chete kuparadza voRitsivanisa nechitendwa kana chimwe chinhu chine vanhu, chinoita sechiri nane pane Shoko pameso avo, zvino vanoRiparadza netsika dzavo—dzavo. Uye ndiyo nzira yavari kuedza nayo kuparadza Shoko raMwari, nezvematongerwo avo emasangano.

⁷⁴ Zvino, chechi yega-yega ine hutongi hwayo. Church of Christ ine hwayo, Christian church ine hwayo, neveBaptisti, neveMethodisti, nePresbyteriani; vose vane hutongi hwavo hwakasiyana-siyana. Zvino, vari kubva pana izvozvo nokuti vakapatsanurana. Munoona, vaisakwanisa kudaro munguva dzapfuura, vanofanira kuzviita iye zvino. Honai, ino ndiyo nguva yekubatana, uye zvino vose vari kuzviisa pamwe chete nekuzviunganidza uye vagoona zvanobuda nazvo. Ini zvangu, zvinoita sekubika chingwa nenyama yebhiza, nemarara emubhini, nechero chipi chavanenge vobatanidza pamwe chete; vozvisanganisa pamwe chete, vokandira mbatatizi dzakaora nezvimwe pamwe chete, muone zvamunobuda nazvo. Zvirokwazvo hapana kana chandinoda chazvo. Kwete, changamire! Ndiyo nzira yavari kuita nayo. Honai, vari kutora vanhu vanotenda kuti Jesu aiva ngano, chechi inotenda kuti Jesu aiva munhu wengano; mumwe, vamwe vanotenda kuti Aiva Muporofita.

⁷⁵ Mumwe anoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.”

⁷⁶ Mumwe akati, “Panogona kunge paine chinhu chakadaro.”

⁷⁷ Uye zvose izvi pamwe chete; zvino Bhaibheri rakati, “Ko vaviri vangafamba sei pamwe chete kunze kwekunge vawirirana?” Maona? Zvino, ndiyo mhando yekubatana kwavainako. Nekuva nemumwe baba mutsvene mukuru wekuisa pamusoro pako, zvino ipapo munowana mucherechedzo wechikara, chaizvo sezvinotaura Bhaibheri. Zvino vave nemushumiri weLutherani, mukuru wayo. Zvakanaka, tinoona kuti inguva yekubatana. Chinhu chimwe chete zvino, Communism nezvose zvichibatana pamwe chete; munyika, uye muchechi nezvakadaro, zvichibatana pamwe chete.

⁷⁸ Tarisai zvisikwa. Oh, ini zvangu! Zvisikwa, kana ukangotarisa zvisikwa, zvinoita zvimwe chetezvo. Zvisikwa ikarenda raMwari rezviratidzo. Maizviziva here? Jesu akavaudza kuti vatarise zvisikwa. Gungwa raizenge richiita ruzha rukuru, maona, uye panenge paine zvinhu zvakasiyana, nekudengenyeka munzvimbo dzakasiyana-siyana, kunetsana pakati pendudzi, zviratidzo muchadenga, zviratidzo panyika, kwese-kwese kunenge kuine zviratidzo zvinguva yekuuya.

⁷⁹ Tarisa makore. Makore asati aunza dutu remvura, munoziva kuti zvinoitika sei? Makore akawanda maduku anoungana pamwe chete, ogadzira gore rakakura. Zvino, iri rine kamhepo

kari kurifuridza, iri rimwe racho rine kamhepo kari kurifuridza, zvino dzofuridza pamwe chete, zvadaro dzinoita dutu. Maona? Anobatana asati aita dutu; anotofanira kudaro.

⁸⁰ Tarisai madhadha nemasekwe achizviunganidza pamwe chete asati abva munyika yawo. Munoono? Anoungana pamwe chete. Munogona kuaona achibhururuka kubva pachidziva ichi kuenda pane chimwe, kubva pano kuenda apo, ese achiungana pamwe chete. Ari kubatana, achigadzirira kuenda kwawo. Munoono, zvakango... zvisikwa, uye Mwari akasika zvisikwa, uye zvisikwa zvinoshanda nehurongwa hwaMwari. Murawu, murawu waMwari usina kunyorwa, kuti zvisikwa zvinoshanda maererano nemurawu waKe.

⁸¹ Seapo, ndichitaura pamariro, pamusoro *peupenyu* hunoenda zasi muguva, kuzasi kwemudzi wemuti, kunogarako kusvikira parumuko mupfumvudza. Murawu waMwari. Hapana hungwaru hunogona kuita kuti muto iwoyo udzike zasi ikoko; hawaigona kuhusveta, kana kuhukama kubva imomo. Hapana imwe nzira iri nane yekuzviita pane inoshandiswa naMwari. Mwari ndivo vane nzira chaiyo. Saka shizha parinodonha, zvino iYe anoendesa hupenyu muguva ohuviga. SaJobho akati, “Ndivigei muguva kusvikira kutsamwa kweNyu kwapfuura.” Munoono? Unoenda zasi ikoko nekuti murawu wezvisikwa, kusati kwaita chando. Honai mashizha achitanga kudonha zvino. Sei? Murawu wezvisikwa.

⁸² Madhadha anoungana pamwe chete, rimwe nerimwe rawo, achiungana pamutungamiri wawo. Imomo anoziva neimwe nzira, handizive kuti anozviita sei, asi anoziva kuti kamukono ako mutungamiri. Zvino kamuchinda ikako, ose anounganira pamwe chete obhururuka achimuunganira, obva asimuka mumhepo. Zvino iye... haasati ambobva pachidziva zvino, asi anongoenda akananga kuLouisiana kana kuTexas sekukwanisa kwake, kumunda wemupunga. Maona, asati abhururuka kuenda, kusiya musha wawo waakaberekerwa gore iroro, anobatana pamwe chete. Amen! Hezvoka izvo; achiunganira mutungamiri wawo.

⁸³ Dambudziko racho nderokuti, munhu, haazive mutungamiri wake. Hongu, changamire. Vanotevera sangano, vanounganira mubhishopi kana munhu, asi havaunganire Mutungamiri, Mweya Mutsvene muShoko. Maona? Vanoti, “Oh, zvino, ndinotyra kuti ndingazoti pengerekei; ndinotyira kuti ndingazorasika.” Ohhhh, hezvoka! Ko kana dhadha diki rikati, “Handingofariri zvaanoita minhenga yake. Handitendi kuti ndinomutevera.” Unofa nekugwamba nechando. Unobatwa ikoko, kana ukarega ku—kubhururuka nevamwe pavanoenda. Rinozvibatandiza pamwe chete, uye zvisikwa zvinodarwo.

⁸⁴ Masekwe anozviunganidza pamwe chete, otevera mutungamiri wawo; anoita zvimwe chete.

⁸⁵ Makamboona here nyuchi dzichibhururuka dzakawanda? Nyuchi dzinoungana pamwe chete, dzisati dzabhururuka, dzinounganira mambokadzi wadzo. Ndizvo chaizvo. Zvino kwaanoenda, idzo dzinoendawo. Hongu! Dzinoitei? Dzinoungana dzisati dzabhururuka. Ndizvo chaizvo; chisikwa chese!

⁸⁶ Hove dzinoungana pamwe chete dzisati dzashambira mupfumvudza. Kunze mugungwa, unogona kudziwana; dziya hombe...dzatinoti “humps,” hove yesalmon. Padzinokwira ikoko, kushambira uku kusati kwauya, unodziona dziri makumi ezviuru, kunze mugungwa iroro, dzichitenderera-tenderera; mvura dzine munyu, asi chaizvo ihove dzemurwizi. Zvino pano dzinenge dzokwidza kumvura dzemurwizi, kuti dziende kumwaka wekubereka. Dzinoenda kumusoro ikoko kunobereka, shure kwemakore angaita mana oga-oga, dzofa mushure mekungu dzichangobva kukandira mazai. Zvino dzinoziva kuti dziri kuendako kunofa, uye hapana chaunogona kudzimisa nacho. Dzinovetuka manera ehove nezvimwe zvese, dzichienda kumusoro ikoko, dzichiziva kuti dzave kuenda kunofa. Asi murawu wezvisikwa unodzidaro, dzichiziva kuti dzinoenda kumusoro ikoko kundokandira mazai mugomba, dzofa. Zvino diki padzinouya, chimwe chinhu chinodzibatidza pamwe chete zvino, dzoenda kunze kunyanza. Kubatana! Murawu. Haumbokwanisa kukunda murawu waMwari.

⁸⁷ Nyika dziri—dziri kupamuka, yave nguva zvino yatiri kuona kuti—kuti vari kufanira kudaro. Tiri munguva yekuvhiringidzika kwenyika. Tiri kuona nyika dzichipatsanura ukama. Gore negore, tinoona nyika *iyi* ichimedzwa mucommunism; *iyi* ichimedzwa mucommunism. Uye munyika medu muno chaimo, yakakomberedzwa necommunism, uye ichakunda! Munoono, ichadaro, hapana nzira yekuzvimisa. Sei? Nechikonzero chimwe chete chakakutadzisai kumisa Tito. Vanhu varamba Mwari neShoko raKe. Hongu, changamire, saka vari kuzodaro, uye tiri kuzviona zvichitoitika.

⁸⁸ Ini, kazhinji, ndinotora maawa akati kuti; ndatova nemaminiti anenge makumi matatu, iye zvino. Maona? Asi kuti zvese zvipinde, ndiri kungomanikidzira. Muzvinzvere kana masvika kumba.

⁸⁹ Cherechedzai, vari kubatana zvino. Unoti, “Hama Branham, ichokwadi here?” Vari kusvika paHondo YeArmagedhoni; ndizvo chaizvo zvavachaita. Maona? Uye vari kuunganira izvozvo iye zvino. Ndosaka tiine U.N. nezvose zvatinaivo. Nyika dzeKumavirira dziri kubatana dzichipesana neNyika dzeKumabvazuva, communism nezvakadaro, zvose zviri kubatana pamwe chete. Machechi ari kubatana pamwe chete. Zvinhu zvese zviri kuita sezviri kubatana. Kubatana, kuzvibatidza pamwe chete, tinozviona.

⁹⁰ Uyezve, pakati pekubatana kwese uku kwenyika, zviratidzo izvi, zviratidzo zvenyika, zvatinoona kunze kuno munyika, kundengedeka munzvimbo dzakasiyana-siyana, nezvinhu zvakasiyana zvichibatana; zvichiunza nyika pamwe chete, zvichiunza vanhu pamwe chete, machechi ose pamwe chete, zvinhu zvese izvi. Zvino kubatana kwese uku pakuri kuendeka, pane kumwe kubatana kuri kuitika. Amen! Ndiko kwandiri kuda kukunongedzai kwakuri zvino.

⁹¹ Mwari ari kubatanidza Mwenga waKe. Mwenga ari kuungana, kubva Kumabvazuva neKumadokero, neKumaodzanyemba neKuchamhembe. Pane nguva yekubatana, iyo itoripo iko zvino. Ari kubatanira chii? Kubvutwa. Amen! Mwari ari kuMugadzirira. Hongu changamire, kubatanidzwa! Ari kubatanidzwa nei? NeShoko! “Nokuti zvose denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringatombopfuure.” Ari kuzvibanidza pachaKe neZVANZI NAJEHOVHA zvisinei nezvinotaurwa nesangano ripi kana mumwewo munhu. Ari kuZvibanidza. Ari kugadzirira. Sei? Iye Mwenga. Ndizvo chaizvo. Uye Ari kuZvibanidza neChikomba chaKe, munoona, zvino Chikomba iShoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

⁹² Zvino Chechi neMwenga neShoko zviri kuva chinhu chimwe chete, kusvikira Shoko pachaRo rave kuita mabasa eChikomba. Amen! Muri kuzviona? Kubatana! Hapasisina, “Joinha chechi”; hapasisina zveizvi, asi tiza kubva kune zvose usungirirwe panaJesu Kristu. Maona? Inguva yekubatana. Mwari, achibatandza Mwenga waKe pamwe chete, kuUdzosa; chaizvoizvo. Achibatandza Mashoko eVimbiso yaKe.

⁹³ Vatesaronika veChipiri, chitsauko 2; Inoti, chitsauko 5 ichi chinoti, “Vatsvene vakavata muhuruva yenyika vachamuka. Zvino tichabatana navo (vapenyu, neavo vanga vakafa), tichabatana tisati tatombosvika Kumusoro ikoko,” nokuti Mwenga achange akakwana paAchasvika Ikoko. Avo vapenyu, vari kuzvibanidza neShoko, neavo vakaenda kare vakatozviita; zvino Wese anouya pamwe chete, kugadzira mubatanidzwa mumwe chete mukuru wekubatana tisati takwidza Ikoko. Amen!

⁹⁴ Communism inofanira kusimuka, zvimwe zvinhu zvese izvi zvinofanira kusimuka, uye chechi inofanira kuzvibanidza mhiri uko, apo avo. . . nenyika kunze uko kuitira Mubatanidzwa weMachechi Pasi pose; zvino Mwenga unofanira kuZvibanidza pasi peShoko raMwari. Kuti zvidaro, Mwari akatumira pasi chiratidzo cheKudenga nezvinhu, zvinoratidza kuChechi, sezvaAkaita kunyika. Amen.

⁹⁵ Mwari; nguva yekubatana! Hongu, changamire. Oh, ini zvangu! Zvino, rangarirai zvino, pane kubatana kweShoko (kubatana zvakare), kudzosa “Kutenda kwakambenge

kwapiwa vatsvene.” Kudzosa! Kuti izvi zvaingokwanisa kuitwa muzuva rino. Nguva yega yazvaigona kuitwa ndeino. Harina kumborwiswa pamwe pese; vakarasikira muzviito zvemasangano. Asi zvino, harisi resangano ripi zvaro, nokuti yave nguva yekubatana kwevarume nemadzimai vendudzi dzose, ruvara rrose, chitendwa chose, zvinhu zvose pasi paKristu kubudikidza neRubhabhatidzo rweMweya Mutsvene kudzokera kuShoko.

⁹⁶ Nguva yekubatana yeKereke! Oh, ini zvangu! Kubatanidza Shoko rose rakaparadzirwa kwese-kwese nemasangano aya: kubvira paNicaea, Rome, pavakaita sangano rekutanga, uye vakaita sangano raRuther, vakaita sangano raWhisiri, vakaita mamwe machechi ose masangano. Zvino mukudaro, vaifanira kubvuma chitendwa, zvino kana Mwari akatumira chimwe chinhu, havaigona kuChigamuchira. Nokudaro, zvaisakwanisika kusvika zvino. Zvino Mwari akavimbisa, mumazuva ekupedzisira, kuti “Kutenda kwemadzibaba kwaizodzoreredzwa kuMwenga zvakare,” kuti zvaizoitika nenzira iyi, uye yaisagona kuva imwe nguva asi nguva ino. Tarisai chiratidzo chakadini kubva Kudenga, seShongwe yeMoto ichiremba pakati pedu, nezviratidzo nemashura zvaIshe Jesu Kristu. Uye paaAnenge achitaura nesu, hazvimbotadza kuva chaizvoivo zvemazvirokwazvo. Amen! Zvino tinoona patakamira. Nguva yekubatana!

⁹⁷ Tinoona ndudzi dzichibatana, tinoona nyika ichibatana, tinoona communism ichibatana, tinoona machechi achibatana; uye tinoona Mwari Achizvibanidza neMwenga waKe, kusvikira iYe neChechi chava chinhu chimwe chete. Hareruya! Sepiramidhi apo. Ndizvo chaivo! Kuzvibanidza pamwe chete; Mwari achibanidza! Sei? Hazvina kumboitika, kubvira pazera rechechi repamavambo, kuti Shongwe yeMoto imbova pakati pevanhu. Hazvina kumboitika zvachose, kubvira pazera rechechi repakutanga, kuti vakamboona zvinhu zvatiri kuona nhasi uno. Zvino izvi zvakangokwaniswa bedzi Mwari paakatumira Zvisimbiso Zvinomwe ndokutipa chiratidzo kubudikidza naYo, ndokutumira Ngirozi nomwe pasi kubva Kudenga; ndokudzoka kuzodzosa Shoko riya rakaparadzirwa mumasangano, ndokuzvisunganidza kudzoka kuShoko raMwari zvakare, kuunza Mweya waKe Mutsvene.

⁹⁸ Jesu akati, “Kana mukagara maNdiri neShoko raNgu mamuri, zvino kumbirai chamunoda, muchazviitirwa.” Kubatanidza Mwenga kudzoka kuShoko, rinova Mwari. Chechi neShoko, kwete Chechi nechitendwa, Chechi neShoko; Mwenga neShoko zvichibanidzwa pamwe chete. Oh, ini zvangu! Zvakadini...Kudzoreredza chii? Kutenda kwemadzibaba epakutanga echipentekosti, onai, vakanga vaparadzirwa neboka raRuther. Kwete Ruther pachake; kwete Ruther, kwete Whisiri, kwete vavambi vakuru ava. Asi mushure mekunge vaenda, paiva

nechechi yakamuka, zvino ivavo. . .zvavakaita naizvozvo zvino, vakaiita sangano kubva mazviri. Vakagamuchira zvitendwa nezvakadaro, ndokuenda vakarasika. Zvino vatarisei nhasi uno, vapinda muMubatanidzwa weMachechi ePasi pose uya.

⁹⁹ Zvino, munoona, asi mumazuva ekupedzisira, munoona, tinoona zvinhu zvichiitika iko zvino zvisati zvakamboitika. Honai, chiratidzo chaMwari, uye kubatana kwese uku chiratidzo chenguva. Zvino, tinoda kunyatsozvinzvera tive nechokwadi chakakwana kuti tazvibata. Mukusiya. . .vanosiya Shoko rechokwadi kuenda kumasangano; kuti vagamuchire zvitendwa nepfungwa dzevanhu vakasiyana-siyana panzvimbo yekutora Shoko.

¹⁰⁰ Zvakazarurwa 10 yakati, “Mharidzo yemutumwa wechinomwe.” Zvino rangarirai, ndipo paHwamanda Nomwe chaipo, uye pane ngirozi nomwe dziri kuridza hwamanda Nomwe. Ndipo patiri kusvika. Asi rangarirai paya, Rakanyatsodonogodza kuti, “Ngirozi. . .” kwete Hwamanda yengirozi yechinomwe, asi “Mharidzo yengirozi yechinomwe.” Honai, kwete ngirozi yeHwamanda, ngirozi yeMharidzo! Munoona, ngirozi yakangoridza Hwamanda bedzi, ngirozi iya yechinomwe, ngirozi yeHwamanda. Asi apa panoti, “Nemazuva eMharidzo yemutumwa wechinomwe,” munoona, panoperera Mharidzo yeke. Honai, iMharidzo yezera rechechi. Munguva iyi, zvino aizo. . .Mharidzo, kwete Hwamanda, uye “chakavanzika chaMwari (chakanyorwa muShoko) chinofanira kupedzwa.”

¹⁰¹ Zvino tarisai zuva ratiri kurarama mariri! Tarisai Zvisimbiso zviya, kuti zvakaunganidza sei Shoko raMwari riya rakanga rakaparadzirwa, izvo Ruther nevamwe vose, izvo vavandudzi vakuru vakabuda vachienda; ndokunyatsodzoka ndokuzviratidza muBhaibheri, pavaiva; munhu wese panzvimbo yake chaiyo, zvaizoita nezvaizoitika kucheche; chii chaizoita, uye chii chaizoitika kucheche; zvinhu zvese izvi zvaakasiya. Uye zvadaro, muzuva rekupedzisira, pataisaziva chimwe chete chazvo, ndokufanotiudza kuti pane chimwe chinhu chaizoitika; kunyange mapepanhau nezvimwe vakazviona, zvonyatsouya ndokuzozvizarura nekusunganidza zvakavanzika zvose pamwe chete. Amen! Hama, zvakaisvondinakira! Izvozvo, kwandiri, zvinonanganidza Shoko. Handina basa basa kuti—kuti. . . kana kuti ndine basa nezvinotaurwa nevanhu, zvavanofunga, ndizvozvo, asi kwandiri iZvokwadi, ndinozvitenda.

¹⁰² Sevachenjeri, vachiuya kubva kuBhabhironi, vakadanidzira, “Ari kupi Uyo, Mambo wemaJudha aberekwa? Ari panyika, izvezvi. Tinofanira kumuwana.” Ndizvo chaizvo. Uye ndinotenda kuti Ari pedyosa nekusvika zvekuti ndinogona kuti, “Tarirai, Chikomba chouya! Ndonzwa kudanidzira pakati peusiku!” Amen! Tave panguva yekuguma chaiyo. Oh, ini zvangu, nguva yatiri kurarama mairi. Cherechedzai. Maona?

103 Izuva rakadini! Inguva yakadini yatiri kurarama, chakavanzika chaMwari chikuru ichi chichipedzwa; zvichiunza Humwari, zvichiratidza zvaHuri; kuti maism madiki aya, ndokuenda ndokunoMuita *ichi*, mumwe munhu ndokuMuita *ichi*, mumwe munhu ndokumuita *icho*. Asi Ngirozi yaShe yakadzika ikazivisa maism avo ose, ndokubuditsa Zvokwadi iyoyo kubva mazviri, ndokuZviunza. Zvino heZvoka, zvakanyatsonanga seZvazvinofanira kuva, hapana imwe nzira yaungaenda nayo. HeZvoka, ndizvo zvaAri. Honai, mbeu yenyoka, zvinhu zvose—zvose zvakasiyana-siyana zvakanga zvisinganzwisisiki pakati pavanhu. Munoono? Chii? Iye aiva . . . Ichi chiratidzo chekuitei? Kubatana!

104 Akati kudini muna Maraki 4? Aizodzoreredza! Kudzoreredza Kutenda kwechipentekosta kwepamavambo, kudzoka kuvanhu vane Mharidzo imwe chete yechipentekosta, chiratidzo chimwe chete chechipentekosta, simbiso imwe chete yechipentekosta, Mwari mumwe chete, Simba imwe chete, dzidziso imwe chete, zvinhu zvese zvichingoenderana, nekusimbiswa kweShongwe yeMoto imwe chete yakawisa Pauro pasi panzira, inoenda kuDhamasiko; pakati pedu nhasi, ichiita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita muzuva iroro. Kubatana!

105 Tinoona ndudzi dzichibatana, tinoona nyika ichibatana, tinoona machechi achibatana. Tinoona Mwenga uchibatana, uchibatana neShoko. Sei? Shoko ndiMwari. Uye seSHoko . . . SeChikomba (ari Shoko), neMwenga (ari munzwi weShoko), vanobatana muHumwe. Vanobatana semuchato. Munoono, vari kugadzirira muchato, uye ivo—ivo vanova chinhu chimwe chete. Shoko rinobva rava iwe, iwe unova Shoko. Jesu akati, “Nezuva iroro muchazviva. Zvose zviru Baba, Ndiri; zvose zvaNdiri, muri; zvose zvamuri, Ndiri. Nezuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba, Baba vari maNdiri, Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Maona? Ne “zuva iroro.” Zuva ripi? Zuva rino! Tinoona zvakavanzika zvikuru zvaMwari zvichizarurwa. Oh, ndinozvifarira zvakadini!

106 Oh, tarisai kuti sainzi neShoko hazvaienderana zvakadini, sezvazvave kuita nhasi. Vaisagona kudaro nguva yapfuura. Kungoti iye zvino vave kugona kuzviita.

107 Cherechedzai, Akati, “zviratidzo zvemuchadenga, zviratidzo zvemuchadenga.” Sainzi, nezviratidzo zvenyika; zvino vave nezviratidzo zvikuru zvemuchadenga nhasi, vane maasitironoti nezvose. Asi maasitironoti aya anoitei kunyika yesainzi? Anovaunzira zvakangosiyana. Havazive kuti inguvai yavachatumira chinhu mudenga saizvozvo vongodonhedza mabhambu, tobva tapera. Maona? Zvino ndizvo zviratidzo zvavainazvo, zvionwa zvinotyisa mudenga. Maona? Vanazvo, zvombo zveatomiki nezvose, zviratidzo zvakangosiyana-siyana.

108 Munoono kwavakanyorerana chibvumirano ichi—ichi, zuva riya, kuti havachazoputitsira mabhambu zvakare kunze pari

pamusoro, asi zvino vave kuenda pasi pemvura nepasi muvhu, vachiaedza zvakadaro. Maona? Vakanyorerana chibvumirano, “Hatisi kuzozviita, kana imi mukati hamusi kuzozviita (asi tichadzokera kumusha tonozviita nenzira iyi; isu tichiziva kuti muri kuita zvimwe chetezvo muri kure ikoko).” Maona? Hapana kana nechiripo, kunongova...hapangorina ruvimbo pakati pavo, hapana—hapana chiripo. Unogona...Maona? Munhu wese ari kutya mumwe. Chiratidzo chinotyisa.

¹⁰⁹ Sainzi nevanhu nenyika zvakagadzira chiratidzo chinotyisa muchadenga. Ndizvo chaizvo. Zvino, vari kutyanana. Zvino pakava nechiratidzo chekudenga chakapiwa kune...Honai zvino, vane chiratidzo mudenga zvakare, chiratidzo chinotyisa, munhu ari muchitundumusere; anogona kunge aine chombo cheatomiki, uye anogona kuchikanda choparadza nyika yose. Anopinda muchitundumusere, omira kunze ikoko. Hapana chinovatadzisa kuti vazviite. Zvirokwazvo vanogona kudaro, ivo...nguva ipi zvayo yavanoda kudaro. Vanogona kuita huruva kana vachida, asi...mumaminitsi gumi nemashanu kubva zvino. Zvinogona kuitwa nemumwe, mumwewo neimwe nzira, zvakare. Saka, munoono kuti vane chiratidzo, asi mhando yechiratidzo ichocho inovavhundutsa.

¹¹⁰ Vari kubatana pamwe chete, vachiisa masimba avo pamwe chete. Nyika yakasununguka, vari kuisa simba rayo pamwe chete. Vecommunism vachibataniidza simba ravo neRussia. Munhu wese; asi mumwe anotyia mumwewo zvakare. Honai, chiratidzo chinotyisa. Ndizvo chaizvo chaizvo. Zviratidzo zvenyika, nezvimwe.

¹¹¹ Asi chechi yakagamuchira Chiratidzo cheKudenga: Chitundumusere! Amen! Jesu Kristu, muchimiro cheShongwe yeMoto; zvaAiva muTestamende yaKare, zvaAiva paAkasangana naSauro panzira inoenda kuDhamasiko, Jesu mumwe chete pano nhasi! Zvino Inoitei? Inounza kutya here? Inounza rudo, kubatana kwemumwe nemumwe. Amen! Kunzwirana. Inounza Rudo rwaMwari, oh, kutibataniidza nekutiunza, Mutumbi waKristu, muhumwe seMwenga. Ndizvo zviri kuitika iye zvino, kubatana kukuru uku Mwari. . .

¹¹² Vari kuzvibataniidza, rimwe boka *pano* kurwisa rimwewo, rimwe boka *nechepano* kurwisa rimwewo zvakare. Hepano chechi yakamira pakati pavo; imi tarisai zvichaitika, ichabatana navo. Ndizvo chaizvo. Asi, zvino, tinoona kuti zvinounza kutya nekushushikana.

¹¹³ Asi Chechi, Mwenga, inobatanidzwa naMwari mumwe chete, pasi peMweya mumwe chete, Mweya waMwari, muKubatana kutsvene kwaMwari, kuva Mwenga mumwe chete mutsvene kunaMwari. Ndizvo chaizvo, zvese pamwe chete; kubatanidzwa kweMutumbi. Mutumbi wakamirira seMwenga; se—sezvo uri Mwenga, sekuzvidana kwatinoita kuti Mwenga. Kuitira nguva yekubatanidzwa kweMwenga, Kereke

iri kuuya pamwe chete. Zvinofanira kungosika rudo pakati pedu, zvekuti hatigone kugara takapatsanurana. Ndizvo chaizvo. Tinongo . . .Haufanire kugombedzera vanhu kuti vanyengetere, haufanire kuvagombedzera kuti vanamate Mwari, haufanire kuvagombedzera kuti vaite zvakanaka. Vanongova murudo naYe, kusvikira hapasisina chimwe chinhu zvakare.

114 Unofungei pamusoro pemusikana mudiki, mhandara diki yakanyatsa kururama pachiso, iri kuzoorowa nemumwe mukomana ane chiso chakanaka wairi murudo rwakadzama naye, zvinoreva zvakananyanya kwaari kupfuurira upenyu hwake pachake, uye anobva aziva pakarepo kuti vari kuzoorowana. Kana zuva iri remuchato parinenge rosweдера, mhandara diki iya, ndikuudzei, iri zvino “kungofamba ichitenderera.” Maona? Ari kungogadzirira zvinhu zvese; anozvipira zvizere kwaari. Ndizvo chaizvo. Zvese zvinofadza murume wake, ndizvo zvaanongoda kuita. Zvino, ndizvo zvinofanira kunge zvakaite Chechi nhasi, kuti hupenyu hwedu hunofanira kunge hwakanyatsovanzwa munaMwari kubudikidza naKristu, hwakasimbiswa imomo neMweya Mutsvene.

115 Chinhu chandanga ndichikudzidzisai pano, kukuudzai pamusoro pezviratidzo izvi nezvinhu zvakasiyana-siyana zviri kuitika, handina nguva yekuzviita zvino; ndichadaro mune imwe mharidzo, Ishe vachitendera. Asi pane chinhu chimwe chete chidiki chiri kushaikwa muChechi. Zvino tinochida, kusvika ipapo, uye ndiri pamucheto wacho iye zvino. Munooona? Tinoda kusvika kwachiri, dai . . .munofanira kuzviita. Kana mukasazviita, ndizvo zvoga, munofanira kuzviita. Nokuti tarirai, nguva yekubatanidzwa yasvika, nekuti Mwari vari kuunza Chechi pamwe chete kuitira Ku—Kubvutwa iende kumuchato weKubatana Kukuru: apo Mwari nemunhu vachabatana Nekusingaperi, apo zvisikwa zvenguva zvichabatana nezvisikwa zvemunaZiendanakuenda.

116 Zvakamboitika muchimiro cheMwanakomana wemunhu panyika. Zvino aifanira kupira Hupenyu hwake kuti aunze simba, rekubatanidza vamwewo vanhu neSimba rimwe chete, kuitira Mwenga waJesu Kristu. Zvino Chechi iri kuZvibatanidza kuMutumbi waKristu. YakaZvisunungura, kudamburwa kubva kungetani dzose duku, Ichizvigadzirira; kuuya pamwe chete, kubatana pakati pavo; oh, rudo nerufaro, neMweya Mutsvene uchifamba pakati pavo. Oh, ini zvangu, inguva yakadini!

117 Patinoona madhadha achigadzirira, tinoona masekwe achigadzirira, tinoona chikara . . .nyuchi dzichigadzirira, tinoona makore achigadzirira kunaya, tinoona zvose; kuti inozvibatanidza pamwe chete zvakadii, kuitira kusaidzira kukuru. Tinoona Gungano reNyika, renyika pamwe chete, dzichizvibatanidza mucommunism. Tinovaona vachizvibatanidza pamwe chete kuno kuNyika dzeKumadokero. Tinoona chechi ichizviunganidza pamwe chete, nedzimwe

dzose idzi. Saka hazvitombokwanisike zvachose, hapana imwe nguva yazvaigona kunge zvakadai; hazvaigona kunge zvakadai makore makumi maviri apfuura, hazvaigona kunge zvakadaro. Hazvaigona kunge zvakadai makore gumi apfuura, inofanira kunge iri nguva ino. Maona, nokuti maism aya nezvinhu zvakanga zvisina kusvika pakadai.

¹¹⁸ Zvino pepukai! Zvizunguzei, nekukurumidza, zvino motarisa kuno kwatiri! Tiripi? Sevachenjeri vaye, tiri mumutsara neShoko raKe, uye Chiedza chaMwari chakavhenekera nzira yedu. Kubwinya kunaMwari vari Kumusoro-soro. Uye Kubwinya kunaMwari Uyo akatipa Jesu Kristu, Uyo watinoda, uye akatiunza kunzvimbo ino. Zvino patiri...Tiri vanhu vaKe, vakatengwa nemutengo weRopa raKe.

¹¹⁹ Oh, ini zvangu! Nguva yekubatanidzwa painosvika, takatarisira, patiri kubatana mumwe nemumwe muzvisungo zveMweya waKe, isu...Ungava Mweya waKe here? Hongu, Mweya waKe. Sei Uriwo? IShoko raKe, uye Ndiye...ndiwo Mweya weShoko. Zvino kana Mweya iwoyo weVimbiso wauya pamuri wosimbisa nekuZviratidza ipo pano, Mweya mumwe cheteWo here? Ndiwo Uya waiva naMosesi murenje! Ndiwo Uya waiva panaJesu Kristu! Ndiye Uya akasangana naSauro panzira yake kuDhamasiko! Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi! Uye Anoita zvinhu zvimwe chete!

¹²⁰ Zvino tinoona ndudzi dzakabatana, tinoona machechi akabatana, tinoona communism yakabatana, tinoona maism achibatana, tinoona zvinhu zvese izvi; uye zvino tinoona Mwenga uchibatana neShoko. Oh, ini zvangu! Yave nguva yekuti vatsvene vachamuka kuzobatana neavo vapenyu, kuti vaende kunobatana naJesu Kristu munaZiendanakuenda.

¹²¹ Dai Mwari vatibatsira, mumwe nemumwe, kuti tibatane naKristu manheru ano, tichapira zvose zvatiri, zvose zvatiinazvo, mweya wedu wose, mutumbi, nepfungwa, kuna Jesu Kristu, tots vaga nguva yekubatana uku.

Apo hwamanda yaMwari icharira, uye nguva pachange pasisina,
Apo mangwanani achapinda
munaZiendanakuenda, akajeka nokunaka;
Apo vatsvene vakafa munaKristu vachamuka
nekuungana kumhenderekedzo dziri mhiri
(neMwenga mupenyu), kuti vazoenda pamwe
chete.

¹²² Tarisai pakubatana uku! Mwari achibatidza Chechi neShoko raKe, Shoko neChechi, kuti vose vobva vafanana, “Iti *chakati*, zvino chichaitika. Ita *chakati*, zvino chichaitika. Ndzivo chaizvo; Ndini mberi kwenyu, Ndini ndiri kuzvisimbisa; Ndini ndinemi.” Zvakanaka.

¹²³ Tinoona zvino kuti nguva inosvika yekuti Hwamanda irire, uye vatsvene vaye vavete vakare, havagone kukwaniswa isu tisipo; vakatomirira patiri (Vahebheru 11); zvino pavanouya pamwe chete, vanobatana nevapenyu. Chechi ichibatana neShoko, zvararo Chechi neShoko zvinobatana, kuva chinhu chimwe chete. Vatsvene vakafa nevatsvene vapenyu vachibatana pamwe chete kuva mumwe; uye vose vachienda pamwe chete kunobatana naKristu mhiri, kuMabiko eMuchato weGwayana.

¹²⁴ Yave nguva yekubatana, uye zviratidzo zviri kubhururuka kwese-kwese. Zviratidzo zviri mundudzi, zviratidzo zviri mucommunism, zviratidzo muNyika dzeKumadokero, zviratidzo muMubatanidzwa weMachechi. Uye Chiratidzo chiri pano manheru ano pasi pekufemera kweMweya Mutsvene, uye Shoko raMwari richizvisimbisa nekuzviita Zvokwadi. Amen! Nguva yekubatana! Chiratidzo cheNguva yeKubatana!

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹²⁵ Ishe Jesu, moyo wangu pauri kusvetuka nemufaro, pandinoona kukwanisa, (kwangu murume wezera repakati nepakati), asi kuzogona kwangu kuKuonai muchizvarwa chino; kuva mupenyu nekumira pano, nekuona pacharira Hwamanda iya, “Uyo wakaipa, acharamba akaipa. Uyo wakarurama, acharamba akarurama. Uyo mutsvene, acharamba ari mutsvene.” O Ishe Mwari!

¹²⁶ Zvino kuzvifunga isu takamira, muchinguva, sekubwaira kweziso, apo nyika haizoziva zviri kuitika, asi kamwekamwe, uchaona mberi kwako, hama dzako dzinodikanwa dzakafanotungamira, dzauya kuzobatana newe zvakare. Zvino tichashandurwa muchinguva, mukubwaira kweziso; totakurwa, pamwe chete, kunosangana naShe wedu muchadenga. Uye zvino tobatana naYe, kuzovako nekusingaperi, uye tozorega kubva muHupo hwaKe zvakare.

¹²⁷ Chinhu chikuru zvakadini nhasi, Ishe, kuziva kuti zvino takabatana seMweya mumwe chete. Mweya mumwe chete, Mweya Mutsvene, Wakabatirira paShoko, anopinda matiri. Zvino chinhu chikuru sei, mukana wakadini wekusununguka kubva kunyika yose, kuzvibatandiza kunaJesu Kristu. Uye kufunga kuti rimwe zuva, muchimiro chinobatika, nemutumbi wakafanana nemutumbi waKe unobwinya, tichagara pasi patafura paMabiko eMuchato zvino ipapo tobatanidzwa nekuchata mukuroorana naYe; kurarama seMwenga neChikomba munguva dzose dzichauya, nemunaZiendanakuenda risingazoperi.

¹²⁸ Ishe Mwari, ino ngaisangova pfungwa yekufungidzira kuvanhu, asi ngaizove zvinonyatsobatika kusvikira nzara nenyota huru zvapinda muvanhu zvekuti ivo...vachiverenga mapepanhau avo, nekutarisa pamusoro...nekuteerera redhiyo

nenhau, vachiona kuti inguva yekubatana. Zviratidzo zviri kuvaima.

¹²⁹ Ishe Mwari, sekutaura kwatakaita pamusoro pemadzimai, zvavaizoita mumazuva ekupedzisira; zvaizoitwa nechechi mumazuva ekupedzisira; uye zvaizova Mazeru eChechi, nezvaizova Zvisimbiso, zvimwe zvese izvi. Uye tinoona sezvazvaiva, mumazuva aNowa. Tinoona sezvazvaiva, mumazuva eSodhoma naRoti, apo Ngirozi yaMwari yakaZvizivisa mumutumbi wemunhu, wakadya nyama yemombe nekunwa mukaka wemombe, nekudya chingwa; ndokumirapo achikwanisa kutaura zvakanga zvichiitika kumashure kwaKe. Zvino Jesu akati zvimwe chete zvichaitika pakuuya kweMwanakomana wemunhu.

¹³⁰ Ishe Mwari, takaona piramidhi, kuti tinoivaka sei kumusoro uko, uye tikaona kuwedzera kwatinoita zvinhu kwairi; ndokuona kuti tiri panguva yekuguma, takamirira Dombo guru Rakatesva. Mwari ngavaBwinyiswe! Tinonamata, Baba, kuti mumutse vanhu, nekuchimbidza zvino, motiunganidza pamwe chete, nerudo rwune humwari neruremekedzo kunaJesu Kristu nekune mumwe nemumwe.

¹³¹ Kana paine vamwe pano manheru ano vasina tariro yakazorora mamuri, ungasimudze here ruoko rwako kunaMwari woti, “Ishe Mwari, ndibatanidzei neMi, ndibatanidzei neMi?” Mwari akuropafadze, hama. Mwari akuropafadzei iwe, newe, iwe; hongu. “Ndibatanidzei neMi, Ishe.” Hongu! Oh, ini zvangu!

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,

¹³² Tarisai Israeri uko, yabatana pamwe chete. Israeri, kubva pasi rese, vauya kuzobatana; kuti vazobatana uye zvino vave nyika. Vave nyika yakabatana: vane mureza wavo vega, nemari yavo, mauto avo, zvo; kana vakambovapo, vavepo zvino. Israeri yabatana, Roma yabatana, chechi yabatana. Uye Mwenga uri kubatana, ameni; uye kuuya kweKubatana Kukururu. Chii? Zvose zviri kunongedza kuChiratidzo chiya, Chiratidzo chikuru chiya, Jesu neMwenga waKe vachibatana muhumwe.

¹³³ Baba, Mwari, ipai maropafadzo aya andinokumbirira vanhu ava, uye dai tabatanidzwa neMi mumoyo nemumweya, pavari kusimudza maoko avo, vachizvishuvira. Ishe Mwari, tichenesei mutiite veNyu; zviitei, Ishe. Ndizvo zvega zvatinoziva nekugona kuita, kukumbira. Zvino Makati kana tikazvikumbira uye tichizvitenda, tinofanira kuzviwana; ndiri kuzvitarisira, Ishe. NdinoKutendai nemuZita raJesu Kristu. Ameni.

Ndinomuda, Ndinomuda,
Nokuti Ndiye wakatanga kundida,
Akatenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari. (Ameni. Oh, ini zvangu!)

Tarirai, Chikomba chouya!
 Ndonzwa kudanzidzira pakati peusiku!
 Tichakwira nekudanzidzira, kana tikaramba
 tose takabatirira,
 Zvino tosangana naYe muchadenga.
 Rindira nekunamata, hama yangu,
 Kuda mumwe angatore korona yako,
 Nokuti vanodziya nevanodzokera shure
 Havasi kuzopfeka hanzu yemuchato.

¹³⁴ Ndizvo chaizvo. Ngatigadzirirei kudanzidzira kwepakati peusiku uku. Kunouya panguva yamusingafungidzire. Pachava nekudanzidzira, kwete pakati penyika yevasingatendi; kuchange kuri chakavanzika. Asi vatendi, vari kukutarisira, munoono nyeredzi dzichipinda mumutsara? Maona? Zvakabereka chii? Zvakangofanana nezvazvakava pakutanga. Honai, hepano patava, zviratidzo zviri kuuya.

Tinoona zviratidzo zvichionekwa zveKuuya
 kwaKe kwakakomborerwa,
 Zvino, tarirai mashizha emuonde ava
 kusvibira;
 Vhangeri rehumambo raenda kunyika dzose;
 Uye tave pedyo, magumo ave kuoneka.
 Zvino nemufaro, tichienda, tichazivisa
 Mharidzo yekuonekwa kwaKe
 kwakaropafadzwa,

¹³⁵ Ndizvo here? Oh, zivisai Mharidzo yekuuya kwaKe kwakaropafadzwa! Ndizvo zvatino fanira kuiita. Kuudza munhu wese, “Gadzirirai, gadzirirai kusangana naMwari.” Amen! NdinoMuda. Oh, ndinoMuda zvakadini. Zvino, ngatisimukei netsoka dzedu zvino. Patiri kuonekana, tambanudza ruwoko kune vakakupoterredza ukwazisane maoko nemumwe munhu, woti:

Kusvika tionane! (kwazisanai maoko,
 zvino). . . kusvika tionane!
 Kusvika tionane patsoka dzaJesu;
 Kusvika Tionane! . . .

Rangarirai, unogona kudanzwa. Musangano wedu unotevera unogona kunge uri patsoka dzaKe.

O Mwari ave nemi kusvika tionanezve!

¹³⁶ Zvino, chingofungai, tisati taonana zvakare; tisati taonana Svondo mangwanani, kana Chitatu manheru, zvinogona kuitika kuti. . . chekutanga unoziva, mumwe munhu haasisipo. Uyu haasisipo, uye vaenda. Oh, kufunga kuti murume wako haasisipo, kana kuti mudzimai wako haasisipo, ne—nemudzimai waJohn haasisipo, uye—uye—uye kuno uko vana havasisipo. Zvese zvaitika (chii chaitika?), zvino wasara!

Oh, kuchema nekuungudza kwakadini apo
 vakarasika vachiudzwa mutongo wavo,
 Vakachema kumatombo nemakomo,
 (SeIsraeri, pakudzokera muguta,
 kuTemberi.)

Vakanamata asi minamoto yavo yakanga
 yanonoka. (Vakaramba Mharidzo.)

¹³⁷ Oh, hama, usambofa wakadaro. Chero zvaunoita, mira
 wakashinga pachinangwa! Hongu, changamire!

¹³⁸ Zvino, kusvika tionane, tichadai:

Tora Zita raJesu newe,
 Senhowo kubva pakufunganya kwese;
 Kana miyedzo yakukomberedza yakaungana,
 (Unoita sei?)

Fema Zita iroro dzvene mumunamoto.

Zita rinokosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga;
 Zita rinokosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga.

¹³⁹ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, tichiimba mahon'era.

PaZita raJesu tichigwadama,
 Tochizvambarara takawira patsoka dzaKe,
 Mambo wamadzimambo Kudenga...
 Mugadza korona,
 Kana rwendo rwedu rwaguma. (Zvichadaro,
 rimwe zuva.)

O Zita rinokosha, Zita rinokosha, O rinotapira!

Kusvika tionanezve, Mwari ave nemi.

Tariro yenyika nemufaro weDenga;
 Zita rinokosha, O rinotapira! Rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro weDenga.



NGUVA YEKUBATANA NECHIRATIDZO SHO63-0818
(The Uniting Time And Sign)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 18 Nyamavhuvhu, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org